

Kisa ki rive ak Plent 311 konsènan Rat ou te fè an?

Ki sa ki ap fèt apre mwen depoze yon plent pou rat nan 311?

Yo ap transfere plent ou an nan Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York la (New York City Department of Health and Mental Hygiene, Ministè Sante). Ministè Sante an pral fè enspeksyon nan pwopriyete an anviwon de (2) semèn apre li resevwa plent lan, sof si pwopriyete la pa gen twò lontan yo te fè enspeksyon ladan li. Anvan ou depoze plent ou an, ale sou nyc.gov/rats epi antre adrès ri an pou ou kapab wè si pa gen lontan yo te fè enspeksyon pou edifis la. Yon lòt plent ki depoze yon ti tan apre yon enspeksyon ap parèt antanke kopi premye an epi li p ap debouche sou yon lòt enspeksyon.

Lè ou ap depoze yon plent, asire ou mete valè enfòmasyon ou kapab bay, tankou adrès ri ak kote pwopriyete yo te remake genyen rat ladan li an ye. Ministè Sante an pa kapab fè enspeksyon si pa genyen ase enfòmasyon sou adrès la ki bay ansanm ak plent lan. Epi tou, si ou ap bay rapò sou kondisyon ki genyen anndan yon pwopriyete oswa nan yon espas enspektè an pa kapab antre ladan li, ou dwe bay yon kontak (tankou yon moun ki rete ladan l oswa yon vwazen) ki kapab bay enspektè an aksè.

Kisa enspektè yo ap ale chèche nan moman premye enspeksyon an?

Enspektè Ministè Sante yo fè yon enspeksyon vizyèl pati deyò pwopriyete an pou idantifye prèv egzistans rat yo ak kondisyon rat yo pi renmen yo. Si pa genyen prèv oswa kondisyon, sa vle di pwopriyete an pase enspeksyon an epi yo anile plent 311 lan. Si prèv egzistans rat yo ak kondisyon rat yo pi renmen yo prezan nan moman enspeksyon an, sa vle di pwopriyete an pa pase enspeksyon an.

Kisa ki pwouve egzistans rat yon kote?

- Chimen rat yo
- Poupou rat byen fre
- Twou (nan tè an oswa estriktirèl)
- Koulwa aktif pou rat yo
- Ti kote rat yo pa gen twò lontan manje
- Rat ki vivan oswa ki mouri

Ki kondisyon rat yo pi renmen?

- Fatra ki ekspoze oswa ki pa nan poubèl - yo atire epi plen manje pou rat yo
- Kondisyon ki bon pou yo kapab rete yo, tankou kote ki pa gen lòd oswa ki gen raje ki wo yo - yo bay kote pou rat yo rete epi kale.

Kisa ki pase lè yon pwopriyete pa pase enspeksyon an?

Lè yon pwopriyete pa pase enspeksyon an, Ministè Sante an voye yon òdonans eliminasyon (Commissioner's Order to Abate, COTA) bay mèt pwopriyete an. COTA an ap genyen ladan li rapò enspeksyon an ki bay detay sou sa yo jwenn nan pwopriyete an ak direktiv sou kijan pou rezoud sitiyasyon ki bay pwoblèm yo, tankou bon jan enfòmasyon kontak yo. Mèt pwopriyete an kapab kontakte Ministè Sante an pou li jwenn èd nan rezoud pwoblèm lan (yo) oswa pou kanpe anfas rezilta yo.

Yon mèt pwopriyete genyen yon minimòm senk (5) jou pou li repare pwoblèm sila yo oswa kontakte Ministè Sante an pou jwenn asistans. Yon fwa pwoblèm yo rezoud, yon enspektè ap dirije yon seyans enspeksyon swivi (konfòmite). Si pa genyen prèv egzistans rat oswa si pa genyen anviwònman rat yo pi renmen, pwopriyete an ap pase enspeksyon konfòmite an. Si genyen prèv oswa anviwònman sa yo ki prezan toujou, pwopriyete an p ap pase enspeksyon konfòmite an.

Kisa ki pase apre yon enspeksyon konfòmite?

Si pwopriyete an pase enspeksyon konfòmite an, plent 311 lan ap anile epi p ap gen okenn asiyasyon ki fèt.

Si pwopriyete an pa pase enspeksyon konfòmite an, mèt pwopriyete an ap resevwa asiyasyon pou yon odyans nan Biwo Pwosè ak Odyans Administrativ (Office of Administrative Trials and Hearings, OATH). Gen plis enfòmasyon konsènan OATH ki disponib nan nyc.gov/oath.

E si yon mèt pwopriyete pa pran okenn mezi pou redui egzistans rat yo nan pwopriyete li an?

Ministè Sante an kapab pran mezi pou rezoud pwoblèm egzistans rat yo lè mèt pwopriyete an pa fè sa. Mèt pwopriyete an ap gen pou peye frè yo si Ministè Sante an bezwen:

- Fè enspeksyon konfòmite adisyonèl
- Pyeje pwopriyete an oswa fè vizit sipèvizyon
- Netwaye kote rat kapab vin rete pi kale yo

Konbyen kòb yon mèt pwopriyete kapab genyen pou li peye antanke amann pou yon enspeksyon konfòmite pwopriyete li an pa pase?

Se OATH ki evalye tout amann yo. Mèt pwopriyete yo ki pa parèt nan odyans yo an oswa pa peye amann yo genyen yo kapab lakòz OATH fè yo peye doub la. Amann minimòm lan se \$300 epi maksimòm lan se \$2,000.

Nan konbyen tan trètman yon plent 311 kapab rezoud?

Sa kapab pran jiska 90 jou pou fini ak tout aktivite swivi ki gen pou wè ak yon pwopriyete ki pa pase yon enspeksyon. Si genyen anpil plent ki depoze konsènan yon sèl pwopriyete nan yon peryòd 90 jou, souvan yon sèl sik enspeksyon fèt epi plent adisyonèl yo vin sòti tankou se menm premye an. Ale sou [NYC Rat Information Portal](https://nyc.gov/rat) pou ou wè rezilta enspeksyon yo ak mezi swivi yo.